Chidzidzo 13 chaChikumi 29, 2024




# KUKUKUNDA KWERUDO RWAMWARI

"Ndikanzwa inzwi ricibva kuɗeŋga, riciti, 'Tarirai, tabernakeri yaMŋari iri pakati paʋanhu, iye ucagara naʋo, iʋo ʋacaʋa ʋanhu ʋake; Mŋari amene ucaʋa naʋo, aʋe Mŋari waʋo. Ucapisika misodzi yose pameso aʋo; rufu harucaʋi'po, kana kucema, kana kurira, kana kutambudzika haȥiŋgaʋi'po; nokuti ȥokutaŋga ȥapfuʋura' "
(Zvakazarurwa 21:3, 4)





Gakava guru, kupandukira hurumende yaMwari kwaSatani, kuri kukurumidza kusvika kukupera.



Hatina kusiiwa murima kuti kurwisana kuchapera sei: Mwari anokunda, Satani anokundwa.

Kunyange udzamu hwehondo dzokupedzisira hunorondedzerwa zvakajeka muBhaibheri.



- Nguva yekutambudzika nekusunungurwa.
- Nguva yekutya nemufaro.
- Nguva yekuparadzwa nekutongwa.
- Nguva yehupenyu nerufu.
- Nguva yekuda nekudiwa.

# NGUVA YEKUTAMBUDZIKA NEKUSUNUNGURWA

"Maiwe! Nokuti zuʋa iro iguru, hakuna-rakafanana naro; iŋguʋa yokutambudzika kwaJakobo; asi ucasunuŋgurwa paȥiri" (Jeremiya 30:7)

"Tiri kurarama munguva yokupedzisira. Zviratidzo zviri kukurumidza kuzadzika zvenguva zvinozivisa kuti kuuya kwaKristu kwava pedyo. Mazuva atiri kurarama akakosha." (EGW, TI9, 11) . Zviitiko izvi zvichavei?

**Zva. 22:11**



Kutonga kunopera uye nyaya dzese dzapihwa mutongo wadzo. Mukova wenyasha unovharwa.

**Is. 8:21-22; Jer. 30:7**



Nguva yekutambudzika. Munhu akaipa anoita zvinhu asingazvidzori, uye vakarurama havazivi kana vakanganwirwa.

**Zva. 15:7-8; Mapis. 27:5**



Matenda manomwe okupedzisira anowira vasina kutendeuka. Vanhu vaMwari vanochengetwa uye vanodzivirirwa.

**Zva. 16:14; 1Jn. 3:2-3**



Boka rimwe nerimwe rinogadzirira kusangana naJesu. Vamwe kuti vamurwise; vamwe kuti vamugamuchire nomufaro.

Kana Jesu apedzisa basa rake rekuyananisa uye Mweya Mutsvene obva mune vasina kutendeuka, magumo emunhu ega ega anonge avepo. Vakatendeka vacharamba vachibatsirwa uye vachidzivirirwa naMwari, asi vakaipa vachasiirwa kunaSatani kuti aite zvaanoda navo. Mumwe nemumwe acharatidza nehunhu hwake waakasarudza kushandira.

# NGUVA YEKUTYA NEMUFARO

"ʋakati kumakomo nokumabge: Tiwirei, mutiʋige pameso aiye unogara pacigaro coʋushe, napakutsamŋa kweGwaiana"
(Zvakazarurwa 6:16)

Vakaramba mutemo waMwari; Vakaramba mvura mhenyu vakazvicherera"ȥiroŋgo ȥakaputsika" ( Jer. 2:13).

Zvino vanotarisana neMutongi. Vanogona chete kutarisira kutsamwa uye kupomerwa. Ndiani achavasunungura? Isa. 2:19; Zva. 6:16).



"Nezuʋa iro ʋacati: Tarirai, uyu ndiye Mŋari weɗu; takaŋga takamumirira, iye ucatiponesa; uyu ndiye Jehova, takaŋga takamumirira, ticafara, nokufarira ruponeso rwake" (Isaya 25:9)



Vakave vakatendeka kuMutemo waMwari; Vakanwa mvura youpenyu (Zva. 21:6). Zvino vakatarisana chiso nechiso neMutongi wavo. Vanongogona kutarisira ruponeso. Vangatadza sei kuputika nekurumbidza? (Isa. 25:9; Zva. 15:3-4).

Satani anotsamwira vasaririrwa (Zva. 12:17)

- Anoita kuti vanhu vose vamunamate uye vateerere mitemo yake (Zva. 13:15-17) → Anogadzirirai nyika kurwisa Gwayana (Zva. 17:12-14) → Jesu anoparadza vose vanomupikisa paKuuya kwake (Zva. 19:11-15)
- Vasaririrwa vanoramba vakatendeka kuMutemo waMwari (Zva. 14:12) → Anogadzirira kusangana naMwari wake(Amosi 4:12) → Jesu anotora avo vakatenda maari (Zva. 19:6-8)



# NGUVA YEKUPARADZWA

"Nyika icabvisirwa zose zayo, icaparadzwa cose; nokuti Jehova wakataura shoko iro" (Isaya 24:3)

**Pano uya Jesu, vatsvene venguva dzose vachamutswa; uye vapenyu vakatendeka, vachashandurwa, vachakwira pamwe kuti vaende kuDenga naJesu(1VaTe. 4:16-17).**

**Vakaipa vachafa pamberi paJesu. Zvitunha zvavo zvicharamba zvisina kuvigwa uye, pakupedzisira, hapana kana chisaririra choupenyu chichasara Panyika ( Jer. 25:33; Zva. 19:17-21;Jer. 4:23-26; Is. 24:3).**



**Panguva iyoyo, Satani nengirozi dzake vachapfigirwa mugomba rakadzikadzika kwemakore ane chiuru, vasingakwanisi kunyengera chero ani zvake (Zva. 20:1-3).**

**(*Abyssos*, nzvimbo yerima), inotsanangura zvakakwana mamiriro eNyika panguva iyoyo. Pasina upenyu hwomunhu mariri, hapana dhimoni richaedza. Ichava nguva yekufungisisa kwengirozi dzakapanduka, dzakasungwa neketani yemamiriro ezvinhu, pasina mukana wekusiya Nyika yaparara.**



# NGUVA YEKUTONGWA

"Ipapo ndakavona zigaro zovushe, vakagara pamsoro pazo, vakapiwa simba rokutonga; […] vakararama vakabata vushe pamwe chete naKristu makore anegumi ramazana" (Zvakazarurwa 20:4)



Kana Kutonga kwaipembererwa Kuuya Kwechipiri kusati kwasvika, uye Jesu akatoita mutongo, achipa hupenyu husingaperi kune avo vanotenda maari… kutonga kutsva uku kune musoro here?

Kwemazana emakore, Mwari akaratidza rudo rwake uye akapa ruponeso kumunhu upi noupi aizorugamuchira. Zvakabvumirawo kuti uipi huvepo zvizere.



Panguva yoRutongo, nyika dzose nengirozi dzakatendeka dzakakwanisa kupupurira ruramisiro netsitsi dzaMwari mukubata kwake chivi nokupanduka. Zvino, vane pamberi pavo muuyo chaiwoiwo wokutonga kwaSatani: nyika isina chinhu uye yakaparadzwa.

Asi isu takagara munharaunda yemuvengi panguva yekupokana, ikozvino tadzikinurwa, tichadawo kuona kururamisira netsitsi dzaMwari. Murutongo rwemakore ane chiuru tichava nechivimbo chakazara cherudo rwaMwari zvekuti uipi hahuzomuki zvakare(Nah. 1:9).

# NGUVA YEHUPENYU NERUFU

"Nokuti tarirai, zuʋa rinoʋuya; rinopisa secoto; ipapo ʋose ʋanoȥikudza, naʋose ʋanoita ȥakaipa, ʋacaʋa samashaŋga; zuʋa, rinoʋuya, ricaʋapisa, rikasaʋasiyira mudzi kana ɗaʋi — ndiȥo ȥinotaura Jehova wehondo" (Maraki 4:1)

"Asi imi, munotya zita raŋgu, mucaɓuɗirwa nezuʋa rokururama, rinokuporesa pasi pamapapiro aro; mucaɓuɗa mucitamba semhuru dzomucirugu" (Maraki 4:2)

**Pakupera kwemakore ane chiuru, vakaipa vachamutswa. Vanobvuma kutungamirirwa naSatani zvakare, vorwisana naMwari nevatsvene zvakare. Hapana chakashanduka, uye vese vanoparadzwa nemoto (Zva. 20:5-9).**



**Asi vasati vaparadzwa, kutonga kwekupedzisira kunoitwa. Mabhuku anozarurwa, uye munhu wese anoona maari zviito zvavo nekuramba kwavo kudanwa kwerudo kwaMweya Mutsvene. Vese vanogamuchira kururamisira kwaMwari, uye vanopfugama pamberi Pake(Zva. 20:11-13; Is. 45:23; VaFi. 2:10).**



**Kure nokurarama nokusingaperi (kurangwa nokusingaperi), vanoona "rufu rwechipiri," rwusina rumuko(Zva. 20:14-15; Mapis. 37:20; Maraki. 4:1; Is. 26: 14).**

**Rufu nechivi zvapera. Yave nguva yekupukuta misodzi yese nekunakidzwa nehupenyu husingaperi uye hunofadza (Zva. 21:4).**




# NGUVA YEKUDA NEKUDIWA

"Jehova wakaziratidza kwandiri ari kure, akati: Zirokwazo, ndakakuda norudo rusingaperi, naizozo ndakakukweva novunyoro" (Jeremiya 31:3)

**Saka tichaitei paNyika Idzva nekusingaperi?**

- Muchinjikwa waKristu uchave sainzi nerwiyo rwevakadzikinurwa nekusingaperi.
- Pa [...] mapani ane rugare, kumucheto kwe[...] nzizi mhenyu, vanhu vaMwari [...] vachawana pokugara
- Imomo vakangwara vasingafi vachafunga nomufaro usingaperi zvinoshamisa zvesimba rokusika
- Pfungwa nemasimba ose zvichasimudzirwa, kugona kwese kunowedzera
- Kuwana zivo hakuzonetesi njere kana kupedza simba
- Zviitiko zvikurusa zvichakwanisa kuitwa, zvishuvo zvikuru kwazvo zvichagutswa, zvishuvo zvakakwirira zvikuru zvichazadzikiswa.
- Makwiriro matsva achamuka kuti akundwe, zvishamiso zvitsva zvekuyemura, chokwadi chitsva chekunzwisisa, zvinangwa zvitsva zvinorodza masimba emweya(spirit), mweya(soul) nemuviri.
- Vanogovana [nezvisikwa zvisina kutadza] pfuma yeruzivo nekunzwisisa yakawanikwa kwemazana emakore nemazana emakore mukufungisisa nezvemabasa aMwari
- Nemuono wakajeka, vanotarisa kubwinya kweKusika: zuva nenyeredzi nehurongwa izvo, mukurongeka kwazvakapihwa, zvinotenderedza Chigaro chehumwari





Zvakadzupurwa mu"The Great Controversy", pp. 651, 666, 668, 675, 677, 678)

"Kupokana kukuru kwapera. Zvivi nevatadzi havachipo. Chadenga chose chachena. Kurova kwemwoyo kumwe kwekunzwanana uye kufara kunorova muzvisikwa zvose. Kubva kuna Iye akasika zvese, kunoyerera hupenyu nechiedza nerufaro, munzvimbo dzese dzemuchadenga. Kubva paatomu duku kusvikira kunyika hurusa, zvinhu zvose, zvipenyu nezvisina upenyu, murunako rwazvo rusina mumvuri nomufaro wakakwana, zvinozivisa kuti Mwari rudo." -Non Official Translation by Gift Mawoyo



EGW (The Great Controversy, pg. 678)